

## NOTIFIKASYON SOU METÒD POU PWOTEJE KONFIDANSYALITE

**Notifikasyon sa a esplike kouman yo ka sèvi ak enfòmasyon w yo oswa bay lòt moun yo, ak kouman ou ka wè enfòmasyon sa yo.**

**Tanpri, li papye sa a byen.**

SeniorCare Inc. fè plizyè kalite sèvis ki pèmèt moun nan kominate a, ki gen anpil laj, ak moun majè ki andikape rete lakay yo. Kòm nou travay avèk plizyè kote tankou Medicaid, ki okipe zafè finansman, epi kòm gen anpil pwofesyonèl sante ki mete moun an kontak avèk nou, gen enfòmasyon pèsònèl sou sante w ki kapab nan dosye nou.

Sa nou rele enfòmasyon pèsònèl sou sante w, se bagay tankou enfòmasyon sou dyagnostik medikal yo ka fè, oswa kalite tretman medikal ou resevwa, oswa dat yo fè sèvis yo pou ou. Notifikasyon sa a fè w konnen kilè SeniorCare Inc. ka sèvi ak enfòmasyon sou sante w, oswa bay lòt kote enfòmasyon sa yo, epi ki dwa ou genyen sou kesyon enfòmasyon sante w.

**Dapre lalwa, SeniorCare Inc. oblige:**

- pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante w, jan sa ekri nan notifikasyon sa a;
- esplike w ki prekosyon nou pran pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon w yo; epi
- fè w konnen si gen moun ki pa otorize, ki gade enfòmasyon w ki pa pwoteje.

**Men pou ki rezon SeniorCare Inc. kapab sèvi ak enfòmasyon sou sante w, oubyen bay lòt moun yo:**

- pou kominike avèk moun nan fanmi w, oswa avèk lòt moun yo rekonèt kòm moun pou yo kontakte sou kesyon tretman w oswa sou eta sante w anjeneral;
- pou kominike avèk pwofesyonèl medikal, tankou doktè prensipal ou, oswa lòt espesyalis lamedsin ak anplwaye medikal nan biwo yo, oswa lopital nan zòn ou rete a, oswa enstitisyon pou reyabilitasyon, oswa konpayi asirans kont maladi oubyen lospis, pou yo ka administre swen sante w;
- lè lalwa oblige SeniorCare Inc. fè sa;

- pou aktivite ki anrapò ak peman, tankou verifye si w kalifye pou avantaj medikal, ak pou resevwa peman pou sèvis yo fè pou ou;
- pou depans nan pwogram nou yo, tankou evalyasyon sou kalite sèvis yo fè pou ou;
- pou kominike avèk founisè nou yo, pou kowòdone sèvis ou;
- pou kominike avèk ajans ki sipèvize swen sante (tankou Divizyon Asistans Medikal nan Massachusetts, oswa sant federal pou sèvis Medicare ak Medicaid) pou aktivite sipèvizon lalwa pèmèt yo fè, tankou ankèt sou abi ak sou moun ki fè koken nan zafè sante;
- pou pwojè rechèch ki satisfè kondisyon konfidansyalite yo, epi ki ede nou evalye oubyen amelyore pwogram Ajans lan;
- pou kominike avèk ajans gouvènman ki peye oswa ki fè sèvis pou ou;
- pou anpeche oswa pou reyaji lè gen yon ijans grav ki mande yon reyakson tousuit anrapò avèk sante oswa sekirite;
- pou fè w konnen lè ou ka jwenn lòt avantaj oswa lòt sèvis, oubyen lè w ka jwenn altènativ pou swen sante w; epi
- pou ranmase lajan pou zèv charite SeniorCare Inc.

Sòf nan ka ki nonmen pi wo la yo, SeniorCare Inc. pa gen dwa sèvi avèk enfòmasyon sou sante w, ni bay lòt moun yo san ou pa bay pèmisyon ekri pou sa. Ou mèt anile pèmisyon ou bay la nenpòt kilè, depi ou fè nou konnen sa sou papye. Nou oblige mande w pèmisyon anvan nou sèvi avèk enfòmasyon sou sante w pou rezon komèsyal, oubyen si y ap peye pou nou bay yo. Atansyon Silvouplè: Nou pa kapabreprann enfòmasyon sou sante w yo apre nou sèvi avèk yo, oswa apre nou bay lòt moun enfòmasyon yo avèk pèmisyon w.

### **Ou genyen dwa sa yo:**

- Gade ak mande pou yo ba ou yon kopi dosye enfòmasyon pèsonèl sou sante w. Ou dwe fè yon demann pou sa sou papye oubyen fè yon lòt moun ekri pou ou pou mande sa. Si w bay yon lòt moun yon Pwokirasyon, oswa ou chwazi moun lan kòm Reprezantan pou Swen Sante, kòm Responsab, oubyen kòm Konsèvatè enfòmasyon yo, li kapab siyen ak prezante yon dokiman konsa. SeniorCare Inc. ka mande w peye pou kouvri kèk nan depans yo, tankou depans pou fè kopi ak achte temn lapòs;
- Mande SeniorCare Inc. fè koreksyon nan enfòmasyon sou sante w yo, si w kwè yo pa kòrèk oswa yo manke ladan yo. Ou dwe fè yon demann pou sa sou papye oubyen fè yon lòt moun ekri pou ou pou mande sa. Si w bay yon lòt moun yon Pwokirasyon, oswa ou chwazi moun lan kòm Reprezantan pou Swen Sante, kòm Responsab, oubyen kòm Konsèvatè enfòmasyon yo, li kapab siyen ak prezante yon dokiman konsa. Gade kilès nan enfòmasyon sou sante w yo ou vle nou korije, epi di pou kisa;

- Mande SeniorCare Inc. limite enfòmasyon sou sante w l ap sèvi, oswa l ap bay lòt moun. Ou dwe fè yon demann pou sa sou papye oubyen fè yon lòt moun ekri pou ou pou mande sa. Si w bay yon lòt moun yon Pwokirasyon, oswa ou chwazi moun lan kòm Reprezantan pou Swen Sante, kòm Responsab, oubyen kòm Konsèvatè enfòmasyon yo, li kapab siyen ak prezante yon dokiman konsa. SeniorCare Inc. pa oblige aksepte satisfè demann ou fè a, sòf si li an rapò ak yon sèvis ou peye pou li poukout ou ;
- Mande SeniorCare Inc. pase nan yon lòt adrès pou kontakte w, si ou kwè gen danje pou ou si l kontakte w nan adrès oswa nimewo telefòn nou genyen nan dosye w la. Tanpri telefone nou, pou fè nou konnen byen kilè ak kouman SeniorCare Inc. dwe kontakte w pou nou pale. SeniorCare Inc. ap voye yon konfirmasyon ekri ba ou, sou sa ou di a;
- Mande yon lis ki montre non ak dat SeniorCare Inc. te bay lòt moun enfòmasyon sou sante w, avèk kèk eksepsyon. Ou dwe fè yon demann pou sa sou papye oubyen fè yon moun ou chwazi ekri pou ou, pou mande sa. Si w bay yon lòt moun yon Pwokirasyon, oswa ou chwazi moun lan kòm Reprezantan pou Swen Sante, kòm Responsab, oubyen kòm Konsèvatè enfòmasyon yo, li kapab siyen ak prezante yon dokiman konsa;
- Mande pou SeniorCare Inc. pa eseye ranmase lajan pou SeniorCare Inc. pou zèv charite; epi
- Mande pou yo ba ou yon kopi notifikasyon sa a sou papye, nenpòt kilè.

Dapre lalwa, SeniorCare Inc. dwe ba ou notifikasyon sa a, pou fè w konnen nou pwoteje enfòmasyon sou sante w yo, epi nou oblige suiv kondisyon ki ekri nan notifikasyon an.

Si noumenm isit la, nan SeniorCare Inc., fè nenpòt chanjman nan jan nou sèvi avèk enfòmasyon sou sante w oswa nan jan nou ka bay lòt moun yo, n ap fè w konnen chanjman yo.

SeniorCare Inc. pa fè negligans nan zafè konfidansyalite w. Si w vle fè yon reklamasyon dapre nenpòt nan dwa nou nonmen nan notifikasyon sa a, oubyen si w kwè SeniorCare Inc. komèt yon vyolasyon kont dwa sou konfidansyalite w, ekri Reponsab Kesyon Konfidansyalite SeniorCare Inc. la, nan adrès sa a:

SeniorCare Inc.  
Privacy Officer  
49 Blackburn Center, Gloucester MA 01930

Si w depoze yon plent oubyen si w fè yon reklamasyon dapre dwa ou genyen yo, sa pa pral gen okenn konsekans sou sèvis nou garanti yo. Si w vle tou, ou gen dwa pote plent bay biwo Sekretè pou Sante ak Sèvis Imen nan Etazini an.

Pou plis enfòmasyon, oubyen si w bezwen esplikasyon sou sa ki nan notifikasyon sa a,  
rele nan nimewo 978-281-1750 ant lendi ak vandredi, depi 9è dimaten pou rive 5è  
apremidi.

Form QA-HIPAA -001 (Hait.)

*Eff. Date 09/01/13*

*Replaces 05/21/12*